ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ХЕКІЫНЫГЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№№74-75 (21.233)●2008 гъэм мэлыжьыхьым (апрелым) и 17, махуэку●Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ●И уасэр соми 6-щ●

adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

● КЪБР-м и Парламентым и Президиумым

Бюджетыр тэмэму ягъэзащІэ

Правительствэм хуэхаха сыхьатым хиубыдэу КЪБР-м и Парламентым и Президиумым и зи чэзу зэІущІэм щеджэуащ Къэрал Іуэхущ1апІэм - Урысей Федерацэм и Пенсэ фондым и къудамэу Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм щыІэм 2007 гъэм и бюджетыр зэригъэзэщІам, Абы теухуауэ зэІущІэм къыщыпсэльащ мы Іуэхущ1апІэм и унафэщІ Щауэжь Хьэсэнбий.

ДОКЛАД зыщІам къызэригъэльэгъуамкІэ, 2008 гъэм щІыпІэм и 1-м ирихьэлІэу Пенсэ фондым и къудамэу КЪБР-м щыІэм егъэбыдыпІауэ щыта пенсионерхэр мини 177,3-рэ мэхъу. Абыхэм я нэхъыбапІэм - цІыху мини 162,8-м - зэрылажьам папщІэ хуагъэува пенсэхэр ират. Нэхъ зэхэхауэ къапщтэ, абыхэм ящыщу цІыху мини 122,8-р жьыгъэкІэ, адрейхэр ныкъуэдыкъуагъэкІэ пенсэм кІуащ.

Іуэхущ1апІэм 2007 гъэм зэфІигъэкІахэм я гугъу щищІым, доклад зыщІам къыхиутхъэпхъукІащ бюджетыр хэхъуагъэкІэ 500 мелуан 7389,54-рэ, хэщІэмкІэ сом мелуан 7356,79-рэ хъуэу зэрагъэзэщІар. ФІэкІыпІэ зимыІэ пенсэ страховани и взносу къаІэрыхьэхэр нэхъыбэ зэрыхъуам и фІыщІэкІэ пенсэхэм я страховой Іыхьэр процент 7-кІэ нэхъыбэ ящыІ ахуэзфІэкІащ икІи ар мы зэманым пенсэм и процент 53,4-рэ мэхъу.

ХэхъуэхэмкІэ къапэщыта планхэр зэгъэзэщІащ Пенсэ фондым и Іуэхущ1апІэу КЪБР-м щыІэм и кьалэ, район кьудамэ псоми.

Щауэжь Хьэсэнбий депутатхэр щыгъуазэ ищІащ гъэкІуам и закъуэ щІыху 10745-м пенсэхэр зэрыхъугъэувам, пенсионерхэм ящыщу 8646-м я пенсэхэм я страховой Іыхьэм зэрыхагъэхъуам, пенсионеру 20159-м я пенсэхэм я страховой Іыхьэхэр зэрагъэзэщІамкІэ. 2007 гъэм мэлыжьыхьым и 1-м щыщІэдзауэ ирахьэкІа лэжьыгъэм папщІэ хуагъэува пенсэхэм я базовэ Іыхьэм хагъахъуащ, страховой Іыхьэри апэкІэ зэрамудам нэхърэ проценти 9,2-кІэ нэхъыбэ ящІащ. Къэрал пенсэ зратхэми проценти 7,5-рэ хущІагъэущ. 2007 гъэм Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм ику иту щат пенсэм сом 729-рэ щІагъэщ икІи ар сом 3125-м нагъэсащ.

КЪБР-м жьыгъэкІэ щат пенсэр ику иту Урысей Федерацэм щатым процент 14-кІэ къыкІэроху. Апхуэдэу щыт пэтми, ди пенсионерхэм яІэрыхьэ ахъщэр цІыхур псэун папщІэ зыхуей бжыгъэм хуэдэу зыгъэ ныкъуэрэ мэхъу. Пенсэм и базовэ Іыхьэм и закъуэ нэгъабэ хуэдэ зыгъэ ныкъуэкІэ нэхъыбэ ящІащ икІи ар цІыхур псэун папщІэ зыхуейм и процент 72,5-м нагъэсащ.

Щауэжь Хьэсэнбий кьыхиутыщащ («Сабий зиІэ унагъуэхэр къэралым дибгъэнымрэ хуэунэтІауэ аргуэру ялэжьыр хуейхэм я Іуэхукі») Федеральэ законыр гъэзэщІэныр 2007 гъэм Пенсэ фондым кьыщІэупщІа кьалэн нэхъыщхьэ дыдэхэм зэращыщыр. Абы ипкъ иткІэ «Анэм (унагъуэм) и ахъшэ» программэ комплексыр зэтрагъэуващ, къэралым и дэІэпыкъунгъэ зратыпхъэу щыІэхэм я реестыр ятх. Мы дэІэпыкъунгъэм хиубыдэу нэгъабэ сом мелуан 667,3-рэ и уасэ сертификату 2669-рэ ягъэшащ.

Къэрал Іуэхущ1апІэм - Урысей Федерацэм и Пенсэ фондым и къудамэу КЪБР-м щыІэм нэгъабэ гуп1ыгъэ хэха хущІащ социальнэ программэхэр гъэзэщІэным. ЛэжьапІэ Іуэмыт пенсионеру, щІыху ныкъуэдыкъуэу 3429-м 2007 гъэм дэІэпыкъунгъэу сом мелуани 5,6-рэ трагъэкІуэдащ. Абы хиубыдэу лэжьапІэ Іуэмыт пенсионеру 123-м я унэхэм гъэ яхущІэшэным сом мелуан 1,9-рэ щІатащ.

Апхуэдэу доклад зыщІам кьыхигъэщащ къэрал социальнэ дэІэпыкъунгъэм хиубыдэу социальнэ Іуэхутхъэбзэхэр зыхуащапхъэу 2008 гъэм щІыщылэм и 1-м ирихьэлІэу щыІар зэрагъэкІуэдар хуэдитІкІэ нэхъ мащІэ зэрыхьуар. Апхуэдэу Пенсэ фондым и унафэщІам кьыхигъэщащ мы Іуэхущ1апІэм кьегъэщІыпІа щІыхуэм я учетыр тэмэму зэрызэтегъэувар, страховани езыгъэкІуэкІэм фІэкІыпІэ зимыІэ пенсэ страховани и взносхэмкІэ ятелъ щІыхуэр проценти 6,3-кІэ нэхъ мащІэ зэрыхъуар икІи 2008 гъэм щІыщылэм и 1-м ирихьэлІэу апхуэдэ щІыхуэу щІар сом мелуан 548-м куэдкІэ зэрыщІимыгъуар.

КЪБР-м и Парламентым и Унафэщ1ым и къуэдзэ **Федченко Людмилэ** жиІащ нэхъ хуэмышІауэ пэсуэхэм, хэхауэ кьапщтэмэ, лэжьапІэ Іуэмыт пенсионерхэм, защІэгъэкъуэным и льэныкъуэкІэ Пенсэ фондым куэд зэрилэжьыр. Ар щІэупщІащ апхуэдэ дэІэпыкъунгъэ зратыпхъэр кьыхэзыхах щІыкІэм.

Щауэжь Хьэсэнбий абы и жуаупу кьигъэльэгъащ къэралым щызекІуэ законодательствэм тету а Іуэхур кьыхэзрызэрагъэпэщыр, псэун папщІэ нэхъ мащІэ дыдэу зыхуейм хуэдиз зыГрымыдзэ пенсионерхэм Пенсэ фондым сом мини 5-м щыщІэдзауэ сом мин 20-м нэскІэ защІигъакъуэ зэрыхьунур, абы теухуауэ administрацэхэм я Іэтащхьэхэм е зыхуэфащэ органхэм я заключенэ щыІэ нэхъыщхь.

КЪБР-м и Парламентым и Унафэщ1ым и къуэдзэ **Берд Хьэзраталий** игу кьигъэкІыжащ Налшык кьалэ Фурмановым и уэрамым нэхъ хуэмышІауэ папщІэ пэсуэпІэ унэтращІыхьауэ зэрыщытар икІи а Іуэхум дянэкІэ пащэмыкІэ щыІэ Іэмалхэм щІэупщІащ. Доклад зыщІам зэрыжиІамкІэ, Парламентым и вице-спикерым зи гугъу ищІа унэр яухуауэ щытащ псыдзэм и зэранкІэ зыщІэсын ямыІэу зыхэмрэ пенсионерхэм Пенсэ фондым сом мини 5-м щыщІэдзауэ сом мин 20-м нэскІэ защІигъакъуэ зэрыхьунур, абы теухуауэ administрацэхэм я Іэтащхьэхэм е зыхуэфащэ органхэм я заключенэ щыІэ нэхъыщхь.

КЪБР-м и Парламентым и Унафэщ1ым и къуэдзэ **Берд Хьэзраталий** игу кьигъэкІыжащ Налшык кьалэ Фурмановым и уэрамым нэхъ хуэмышІауэ папщІэ пэсуэпІэ унэтращІыхьауэ зэрыщытар икІи а Іуэхум дянэкІэ пащэмыкІэ щыІэ Іэмалхэм щІэупщІащ. Доклад зыщІам зэрыжиІамкІэ, Парламентым и вице-спикерым зи гугъу ищІа унэр яухуауэ щытащ псыдзэм и зэранкІэ зыщІэсын ямыІэу зыхэмрэ пенсионерхэм Пенсэ фондым сом мини 5-м щыщІэдзауэ сом мин 20-м нэскІэ защІигъакъуэ зэрыхьунур, абы теухуауэ administрацэхэм я Іэтащхьэхэм е зыхуэфащэ органхэм я заключенэ щыІэ нэхъыщхь.

Зэ1ущІэм хэтащ КЪБР-м егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министр **Щхьэгъэпсо Сэфарбий** и министерствэм и департаментым и унафэщІ **Джаппуевэ Тамарэ** КЪБР-м и Парламентым и депутат **Уянаев Борис**, ГъуазджэхэмкІэ Кавказ Ищхьэрэ къэрал институтым и ректор **Рахаев Анатолий** Къэбэрдей-Балкъэр къэрал мэкъумэщ академием и и проректор **Зумакулов Іэсхьэд**, егъэджэныгъэмкІэ кьалэ, район къудамэхэм я унафэщІхэр, Зыуэ щыт къэрал экзаменхэр зыхьхэр, школ директорхэр, егъэджакІуэхэр, еджакІуэхэр, адэ-анэхэр.

- Нобэрей зэІущІэм дэ къалэн нэхъыщхьэ щІыхьэхэр гъэувыжар Зыуэ щыт къэрал экзаменхэр зыгъэнуэхэм я хуитныгъэр зыхуэдэм, а Іуэхугъуэм мы иІэсхэм игъуэта зэхъуэкІыныгъэхэм нэхъ зэпкърыхьэу фыщыдгъэгъуэзэнырщ, - жиІащ зэ1ущІэр къыщыхэзІуихым КЪБР-м егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министр **Щхьэгъэпсо Сэфарбий**. - Къэбэрдей-Балкъэр Республикэр Зыуэ щыт къэрал экзаменхэм 2003 гъэ лъандэрэ хэтщ, ауэ идкыри къэс ар гъэунэхуныгъэу щытамэ, 2008 гъэм абы курыт еджапІэхэр кьэзыух зэрыщыр. Урысей Федерацэм и еджакІуэ мелуаным щІигъум ЕГЭ-р ятынущ, КЪБР-м щыщ еджакІуэ мини 10-м нэблагъэм я щІэныгъэр апхуэдэ экзаменхэмкІэ кьапщытэнущ. Гъэунэхуныгъэм дыхэзыухъу тлъэси 5-м Іуэхум нэхъ дыхэзэгъауэ, абы и пІалъэ къэтщІауэ щытщи, согугъэ дянэкІэ ар нэхъ тынщу, езыгъэ еджакІуэхэми, егъэджакІуэхэми, адэ-анэхэми кьатемыхьилъхьу ежьэнынущ.

Щ1эуэ гъащІэм кьыхьхьэ дэтхэнэ зы Іуэхугъуэми гугъуехь гуэрхэр пыщІащ, аУэ, дауэ мыхьуми, дэ ди кьалэнщ Зыуэ щыт къэрал экзаменхэм я хабзэр кьыхэзыІыхьыр.

Зыуэ щыт къэрал экзаменхэр зэрагъэнуэхэм я Іуэхугъуэм ехъуІэныгъэкІэ зэрыпэІэнуным, - пищащ адэкІэ псалъэмакъым ГъуазджэхэмкІэ Кавказ Ищхьэрэ къэрал институтым и ректор Рахаев Анатолий. - Мыбдеж идкыпсту и гугъу щысщынкъым ЕГЭ-м сэ сыхэзыхущытыр, ауэ сыныпафэщІ институтым узэрыщІэтыгъэхьэфыну щыкІэм фыщыдгъэгъуэзэнщ. Къапщтэмэ, дэ диІэщ ику ит Іэщ1агъэ зумыгъэгъуэтауэ узыщІэмызТыкъхьэфыну кьудамэхэр, зи гугъу сщІыр макъамэмкІэ училищэм е щэнхабзэмрэ гъуазджэхэмкІэ колледжым и дипломхэр уиІэн зэрыхуейр, Абы ипкъ иткІэ, зыуэ щыт къэрал экзаменхэр фЫ дыдэу птами, псалъэм папщІэ, макъамэ Іэмэпсымэ гуэрым тэмэму уемыуэфмэ, укъащтэнукым. ДиІэщ курыт еджапІэр кьэбуха нЫуэжь узыщІэтыгъэхь хьуну факультетхэри. Аэр культуротологиемкІэ, щэнхабзэ Іэнатіэхэм я менеджмент, экономист Іэщ1агъэлІэхэр щагъэхьэзыр кьудамэхэрщ. Ауэ абыхэми уи творческэ зэрІэкІэхэр кьащыта иужькІэщ, ЕГЭ-м кьрикІуахэм щеплъынур. Апхуэдэ зэкъэнгъэр урысыбзэмрэ урыс литературэмкІэ, обществоведениемкІэ птын хуейщ.

Адэкіэ Джапшуевэ Тамарэ Зыуэ щыт къэрал экзаменхэр зэратыну предметхэм, зи узыншагъэр мытэмэн сабийхэр а Іуэхугъуэм зэрехъулІэнум, хабзэр кьыхэзыпхъэ зэрахъулІэнум, хабзэр кьыхэзыпхъэ щыІэ Іуэхугъуэ куэдми тепсэльыхьащ.

Зэ1ущІэм кьрихьэлІа псоми я упщІэхэм жэуап иратащ.

ЩХЬЭЩЭМЫЩІ Иэз.

Экзаменхэм зыхуагъэхьэзыр

Зэ1ущІэм министр Щхьэгъэпсо Сэфарбий прегъэкІуэкІ. *Сурэтыр* **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

Дыгъуасэ КЪБР-м Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министерствэм Щэнхабзэмрэ гъуазджэхэмкІэ колледжым зэ1ущІэ щригъэкІуэкІащ. Ар теухуауэ щытащ 2008 гъэм Зыуэ щыт къэрал экзаменхэр зэратыну щыкІэм.

ЗЭ1УЩІЭМ хэтащ КЪБР-м егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министр **Щхьэгъэпсо Сэфарбий** и министерствэм и департаментым и унафэщІ **Джаппуевэ Тамарэ** КЪБР-м и Парламентым и депутат **Уянаев Борис**, ГъуазджэхэмкІэ Кавказ Ищхьэрэ къэрал институтым и ректор **Рахаев Анатолий** Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и унафэщІ **Джаппуевэ Тамарэ** КЪБР-м и Парламентым и депутат **Уянаев Борис**, ГъуазджэхэмкІэ Кавказ Ищхьэрэ къэрал институтым и ректор **Рахаев Анатолий**. - Мыбдеж иджыпсту и гугъу щысщынкъым ЕГЭ-м сэ сыхэзыхущытыр, ауэ сыныпафэщІ институтым узэрыщІэтыгъэхьэфыну щыкІэм фыщыдгъэгъуэзэнщ. Къапщтэмэ, дэ диІэщ ику ит Іэщ1агъэ зумыгъэгъуэтауэ узыщІэмызТыкъхьэфыну кьудамэхэр, зи гугъу сщІыр макъамэмкІэ училищэм е щэнхабзэмрэ гъуазджэхэмкІэ колледжым и дипломхэр уиІэн зэрыхуейр, Абы ипкъ иткІэ, зыуэ щыт къэрал экзаменхэр фЫ дыдэу птами, псалъэм папщІэ, макъамэ Іэмэпсымэ гуэрым тэмэму уемыуэфмэ, укъащтэнукым. ДиІэщ курыт еджапІэр кьэбуха нЫуэжь узыщІэтыгъэхь хьуну факультетхэри. Аэр культуротологиемкІэ, щэнхабзэ Іэнатіэхэм я менеджмент, экономист Іэщ1агъэлІэхэр щагъэхьэзыр кьудамэхэрщ. Ауэ абыхэми уи творческэ зэрІэкІэхэр кьащыта иужькІэщ, ЕГЭ-м кьрикІуахэм щеплъынур. Апхуэдэ зэкъэнгъэр урысыбзэмрэ урыс литературэмкІэ, обществоведениемкІэ птын хуейщ.

Адэкіэ Джапшуевэ Тамарэ Зыуэ щыт къэрал экзаменхэр зэратыну предметхэм, зи узыншагъэр мытэмэн сабийхэр а Іуэхугъуэм зэрехъулІэнум, хабзэр кьыхэзыпхъэ щыІэ Іуэхугъуэ куэдми тепсэльыхьащ.

Зэ1ущІэм кьрихьэлІа псоми я упщІэхэм жэуап иратащ.

ЩХЬЭЩЭМЫЩІ Иэз.

● Зэ1ущІэхэр

Къэнжал зауэм

адыгэхэм кьыщахьа текІуэныгъэм теухуауэ

Мы гъэм илъэс 300 ирокъу Къэнжал зауэр зэрекІуэкІрэ. Пщы уэлий цІэрыІуэ Хьэтіохьэщокьуэ Кургуокьуэ зи пашэ адыгэ дзэм 1708 гъэм зэтрикъуташ Къэбэрдейм кьыпеуауэ ирипхьауэ Іуэхэр - кьрым хьанымрэ тырку сультІанымрэ кьагъэкІуа армэр. Къэнжал дежь кьыщахьа текІуэныгъэм мыхьэнэщхьэу щиІащ Къэбэрдейми адрей адыгэ хэкуэмэ я тхьидэм.

ИЛЬЭС 300 и пэкІэ адыгэхэм кьахьа текІуэныгъэм и щыхькІэ КЪБР-м Щэнхабзэмрэ хьыбарегъащІэ Іэнатіэхэмкіэ я министерствэм, Дунейпсо Адыгэ Хасэм, Къэбэрдей, Шэрджэс, Адыгей Хасэхэм, Абхъазым и хуитныгъэм щІэзэуахэм я зэгуэхьныгъэм зэпеуэ ирагъэкІуэкІ мэлыжьыхьэ маэзм (апрелым) и 17-м щыщІэдзауэ фокІадэм (сентябрым) и 17 пщІондэ.

Конкурсым хэт хьунущ тхакІуэхэр, усакІуэхэр, щІэныгъэлІэхэр, публицистхэр, журналистхэр. Абыхэм я Іэдакъэщ1кІ тхыгъэхэм кунщІэ зэхуэхьуэн хуейр Къэнжал зауэм и тхыдэрщ; тхыгъэхэр трауХуэ хьунущ ди льэпкъым и тхьдэмэ - ахэр адыгэхэм я хэкум и хуитныгъэм папщІэ XVII-XVIII лІэщІыгъуэхэм иратыкІуэкІа бэнэныгъэхэм тещІыхьамэ.

Зэпеуэм кьрагъэхь хьунущ рассказхэр, хьыбархэр, усыгъэхэр, пьесэ иІещІэкІэр, тхыдэм теухуа тхыгъэхэр - адыгэбзэкІэ е урыс бзэкІэ. Зыхуэфащэхэр традзэнущ "Адыгэ псалъэ", "Адыгэ макъ", "Шэрджэс хэку", "Шапсугия" газетхэм, ижькІэ тхьилъ щхьэхуэм щІэзэхуэкІынущ.

Саугъэт нэхьыщхьэр (гран-при) - сом мини 10 хьууэ.

ЯтІонэ саугъэту тІу - дэтхэнэри сом мини 5 хьууэ.

ЕтІуанэ саугъэту тІу - дэтхэнэри сом мини 3 хьууэ.

Щ1анэ саугъэту тІу- дэтхэнэри сом мини 2 хьууэ.

Зэрахуэупсэ саугъэту щы - дэтхэнэри сом мин зырыз хьууэ.

Зэпеуэм и жюрир хэпльэн папщІэ, тхыгъэхэр кьрагъэхь мы адресымкІэ: *360030, Налшык кьалэ, Ленриным и цІэкІэ щыІэ уэрам, 5, "Адыгэ псалъэ" газетым и редакцэ.*

Зэпеуэм и жюри.

● ТхылъыщІэ

Тхыгъэхэри сурэтхэри щызэхуэхьэсауэ

ДУНЕЙМ кьытехьащ «Урысейм игъащІэкІэ щрагъэсу, КЪБР-ем и фІэфІыныгъэкІэ Урысей къэралым зэхэсыгъэ илъэс 450-рэ зэрырикъуар зэрагъэлъэпІам» теухуа хьыбархэр щызэхуэхьэса тхылъ. Сурэтхэмкіэ дахэу гъэщІэрэщІа, Налшык Москвам фокІадэ, жэпуэгъуэ мазэхэм щрагъэкІуэкІа гуимыхуж махуэщхуэхэр кьызыщыгъэльэгъуэ тхылъыр КЪБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэм игъэхьэзыращ.

Абы ихуащ мыпхуэдэ тхыгъэхэр: КЪБР-м и Президентым дащІа интервьюр, мы Іуэхум и тхыдэм, иджырей Къэбэрдей-Балкъэрым текуэуауэ жаІахэр зэрагъэтхыгъэ, КЪБР-м Щэнхабзэмрэ хьыбарегъащІэ Іэнатіэхэмкіэ и министерствэм и республикэ полиграф комбинатым тхылъымпІэфІкІэ щытрадзащ.

УРЫСМАМБЭТ Белл.



● Тэрч куэй

МазитІ лэжьыгъэхэр йокІуэкІ

Джылахьстэнэйм и къуажэхэмрэ жылагъуэхэмрэ еуэжьрэкІыу зэщІагъэкьабзэ.

КУЕЙ администрацэм и Іэтащхьэм и къуэдзэ Кірэфэ Мурадин къыхилъхьащ пхъэнкІий идзыпІэхэр гъэсениым къыдэкІуэу къуажэхэм дэт фэеплъхэр къагъэщІэрэщІэжьну, куэд лъандэрэ Іэ зэмыІуса кхъэ дыхьэпІэхэмрэ абыхэм я Іэгъуэблагъэхэмрэ щІагъэкъэбзэну. Гулъытэ хэха хуащІ джэгуп1эхэм: пхъэнкІийхэр ирагъэкъэбзыкІ, утыкуэхэм ит Іуащхьэ пкъохэр ялэ. А лжьыгъэхэр и чэзум кьрахьэлІэныкІэ цІыхухэр зыхуеину техникэмрэ зэрылэбэну Іэмэпсымэхэмкіэ нэсу кьызэгъэпэщащ.

ЖАНХЪУЭТ Зуэз.

Яп1э еджэгъуэкІэ

Къэрал Думэм яп1э еджэгъуэкІэ кьнищащ социальнэ зэ1ущІэр приватизацэ щІыщымкІэ яІэ хуитныгъэхэм теухуа хабзэр.

Абы зэрыщыубзыхуамкІэ, апхуэдэ псэуп1эхэр езыхэм кьызыхуагъанэ хьунущ, ущыпсэу хьухэнумэ. Мы хабзэм кьаруІ иІэнущ 2010 гъэм, гъатхэпэм и 1-м нэхькуКІэ.

Апхуэдэу УФ-м и Федерацэ Зэхуэсым и ищхьэрэ палатэм «правительствэ сыхьэт» щекІуэкІащ. Абы кьыщыщыпсалъэм УФ-м къэрал кІуэщІ Іуэхуэмкіэ и министр Нургалиев Рашид кьыхигъэбедджылыкІащ ГИБДД-м и лэжьыгъэм пыщІа Іуэхуэр. Абы жиІащ гъэугум зэрыщыпсэкІуэ хабзэхэр зэрагъэзащІэм кІэлъыплъын хуейхэр абы фІыуэ хэзыщІыкІ, нэхъыщхьэраци, си кьалэным хуэпэж дэжьакІуэхэрауэ. «Дэ дзэнухьым Іэбжьаныр фІеІэхэр, хэзыщІхурыпхъуэ жьхуэаІэхэм хуэдэхэр кьытхэту»,- кьыхигъэщащ министрым.

Тутыным ирадза удын

УФ-м Федерацэмкіэ и Советыр арэзы техьауэ ди къэралыр Узынщагъэр хьумэныкІэ дунейпсо зэгухьэныгъэм (ВОЗ) тутыным теухуауэ кьыщтауэ щыта конвенцэм хьыхьиу.

Абы кьыкІэращи, ди къэралым щыщІагъэхуэбжьэнущ тутыным зэрырэзІэт дэжьыгъэр.

Абхъазым топсэльыхь

ООН-м Щынагъуэщхьэмкіэ и Советым щытепсэльыхьащ курыкъ-абхъаз зэхуэмыгъэхэм.

Язныкъуэ лъэныкъуэхэр, псом яп1эу США-р, хущІэхуащ а щІыналъэр Курэым хэтыну зэрыхуэмеймкІэ Урысейр ягъэхьэнщэну. АрщхьэкІэ, УФ-м и лІыкІуэу зэпымыуэ ООН-м щыІэ Чуркин Виталий абыхэм я щхьэхуэсгъуэхэр дыхьэнхэну кьыпытащ. Дунейм и щІыпІэ зэмылІэужьыгъуэхэм щекІуэкІ е кьыщхьэ Іуэхуэхэм ТІуащІэу бгъэдыхьэ кьэралхэр мы бы тепсэльыхьыну, уебгъемэ емыкІущ», - жиІащ абы. ГурыІуэгъуэхэр щІэупщІ УФ-м и США-м ириудэкІар Косовэр зэрыварр.

Зэхуэдэн хуейщ

УФ-м и Президенту хаха Медведев Дмитрий кьыщыпсэльащ медицинэ страховани и хабзэхэм я1ечуэ зэ1ущІэм.

Абы кьыхигъэщхьэхуэкІащ медицинэ Іуэхутхьбзэу щыхуэхэм хуащІэр кьэралым и щІыналъэ псоми щызэхуэдэн зэрыхуейр.

Урысейм и мылъку

Дыгъуасэ Санкт-Петербург и Константин упуэрдэм щІагъэуващ Урысей виолончелист щІэрыІуэ Ростропович Мстиславрэ абы и щхьэгъусэ актрисэ гъуэздж Вишневская Галинэрэ нэгъэщІ кьэралхэм щыІэхуахьэсауэ щыта гъуаджэ хьугъуэфІыгъуэхэр.

Аэр кьэзыщІэхужар ди кьэралым щыщІ щІыхущ, зэрыжаІэмкІи, абыхэм щІатащ доллар мелуан 72-рэ.

(ИТАР-ТАСС).

Лъэпкъ Іуэщ1агъэ

Гъатхэр илъэс гъуэмылэщ.

● Щэнхабзэ

Щ1эх-щ1эхыурэ фыкъеблагъэ

Гъуазджэхэмкіэ Кавказ Ищхьэрэ институтымрэ абы Щэнхабзэмрэ гъуазджэхэмкіэ и колледжымрэ я еджакІуэхэр щІэхщІэхыурэ зэ1ущІэ, макъамэ Іэмэпсымэ лІэужьыгъуэхэмкіэ, скрипкэмкіэ, баянымкіэ, гитэпкъ щыщымкіэ, нэгъэуващІэмкІи зэрыоуэ. Апхуэдэуэн ахэр ди республикэм и щыпІэ зэхуэмыдэхэм, нэгъэуващІ щІыналъэхэми кІуэурэ концертхэр щат.

ЗЭХЫХЬЭ дахэ ящыІ ащІ ... абыхэм щрагъэкІуэкІащ Гергиевым и цІэр зэрихьэу Владикавказ дэт гъуазджэхэмкІэ колледжым. Абы и кьыхэзэпэщащ Іуэхущ1ащ ди институтым льэпкъ Іэмэпсымэхэмкіэ и кьудамэм и унафэщІ, профессор Ахмедагаев Мусабек. Абы и гъэсэн Провоторовэ Еленэрэ езымрэ зэщІыгъуу яГъэзэщІа Дербенкэ Е. и «Юмористический», Бешков Ю. и «Париж вальсыр», Еленэ баянымкІэ зэуа макъамэ дахэхэр кьыхэхуэсахэм хуабжьу яГу ирихьащ. Абыхэм екъэ-екъуэу зыкъагъэльэгъуащ ШэнхабзэмрэГъуазджэхэмкіэ колледжым и 2-нэ курсым щеджэ, республикІэ зэхьэхуэхэм хэта Ханроваэ Айсурэтрэ 3-нэ курсым и студенткэ, урысейпсо, дунейпсо зэпеуэхэм я лауреат Кьардэн Данэрэ.

Концертыр быслымэм яГу ирихьащ икІи ди музыкант нЫбжьыщІэхэм кьелъІуащ щІэх-щІэхыурэ яхуеблэгъэну.

СОКЪУР Жамболэт.

● Іуэхуфі

Жыг хадэхэр къагъэщІэрэщІэж

Къэбэрдей-Балкъэрым и жыг хадэхэр къэгъэщІэрэщІэжыным теуХуауэ республикэм игъэбелджылэ Іуэхуэхэр гъэзэщІэныр гульытэщхуэ щыхуащІ Щэрэдж куейм.

СЫГЪЫщыгъуи мы щІыналъэм щагъэжьІу щытащ пхъэщхьэмыщхьэ хадэ зэпэщІэр. Абыхэм ящыщ куэдыр къэралым кьыщыхьэ зэхъуэкІыныгъэхэм дэкІуэдат. Арщхьэдэ район, кьуажэ унафэщІхэм кьагурыІуащ цІыхум фейдэ нэхъыбэ кьызыхахыну щІэта Іуэхуэр кьэІэтыжьыну. Жэмтхьэлэм кьуажэхэм щыщу жыг гъэжьынм зратащ хьэрычатІщІэхэу Мыкъуэжьыкъэ, Зэщэжьдуэу я унагъуэхэм. Абыхэм я зэфІэкІкІэ Аущыджэрым пхъэщхьэмыщхьэ жыг хадэу гектар 11 щызэрагъэпэщыжащ. Жэмтхьэлэм и1эщ гектар 15. Абы иджырэ щыІ гектар 35-рэ хухахащ. Мы Іуэхум текІуэдэну мыльку и нЫкъуэр субсидиеу къэралым кьыІахыну я мурадщ. Апхуэдэу районым куэд щІакъым «ПСей жыг лІэужьыгъуэхэр хэсэнымкІэ Щэрэдж питомникэ» кьызэрызэрагъэпэщырэ. Іуэхущ1апІэм кьегъэщІылІа щы гектарри 7-м щагъэжІ псей, жыгей, туе жыг лІэужьыгъуэхэр. Ахэр нэгъуэщІ щІынальхэмэ ирагъэшэнущ.

ЛЪОСТЭН Муэз.

● Утыку ихьэкІэ хъуакъым

АБХЪАЗ. *Зэныкъуэкъуэхэр зэфІэхьныныжкІэ Іэщ1агъэлІ Закарейшвили ПІатІэ хьыгъэрилъытэжкІэ. Куржым и президент Саакашвили Михаил щыуагъэшхуэ ищІащ. Абхъазым автономиешхуэр иритыну жиІэу утыку кьызэрырихьажкІэ.*

«АПХУЭДЭ Іэхуэхэр ину утыку щыжаІэркъым. Саакашвили Михаил абыкІэ куржы-абхъаз зэхэущытыкІэр нэхъ ІейщІауэ аращ. Уеблэмэ кьызэщІигъэпІащ. Абхъазым автономиешхуэ ептыну ухуеймэ, арэзІэущІыу щІэпщІыН щыІэкъым, ятІэ кабинет кІуэлъым щызэфІэгъэкІын хуейщ.

Абхъазэр куэд щІауэ поплъэ федерализм инкэр куржыхэм я унафэщІхэм официальныжу кьызыщІихуагъэльэгъуэнум. Икіи гурыІуэгъуэ абыхэм ар щІамыдам и щхьэусыгъуэр - Куржыр хьэзыркъым абхъаз-куржы зэпэщІэувэныгъэр кьигъэтІэсхьэну, ар игъэужьыжьыжьу», - кьыхигъащащ Закареишвили ПІатІэ.

Куржым и парламентым и депутат Хаиндравэ Ивалиан кьызэриІыхьатмкІэ, Саакашвили Михаил кьыкІэрыхуащ. Абхъазым иритыну иджыпсту хуигъэльэгъуа автономиешхуэмкІэ ахэр арэзы щыхьэунрэ щыкІэр.

● Франдзым щохьэщІэ

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. *Республикэм и президентым и пресс-Іуэхущ1апІэм кьызэритамкІэ, КъШР-м и унафэщІ Батдыев Мустэфа зэныкъуэ Іуэхукіэ Франдзым щыІащ икІи зригъэІуныхуащ дунеи псом щыщІэрыІуэ Куршевель, Марибель, Монтерас курортхэр.*

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭСЫм президентыр яІущІащ курортхэм щыщІа кІапсэ гъуэгухэм я управляющэ компаниехэм я унафэщІхэм, щыпІэхэм я теплъэхэм елэжь архитекторхэм, бгы-лыжэ Іэмэпсымэхэр кьыщІэзыгъэкІхэм.

Апхуэдэу Батдыев Мустэфа епсэгъэсащ кьызэхуэсахэм зыхьхьэ щыпІэ администрацэхэм я унафэщІхэм икІи зригъэщІащ властхэмрэ уней бизнес зиІэхэмрэ зэрыздэлажьэкІэ щыкІэр.

Батдыев Мустэфа франджы турист компаниехэм я унафэщІхэм ягурыІуащ ильэс хурэйкІэ лажьэу ирагъэжьэну «Архыз» курортыр щаухуэкІэ, чэнджэщІэ ахэр кьадэІэпыкъуну.

ХЪЭЩІКЪУЕЙ Олег.

Тутыным ирадза удын

УФ-м Федерацэмкіэ и Советыр арэзы техьауэ ди къэралыр Узынщагъэр хьумэныкІэ дунейпсо зэгухьэныгъэм (ВОЗ) тутыным теухуауэ кьыщтауэ щыта конвенцэм хьыхьиу.

Абы кьыкІэращи, ди къэралым щыщІагъэхуэбжьэнущ тутыным зэрырэзІэт дэжьыгъэр.

● Бэнэкіэ хуит



Гъубжокъуэ Батыр



Мэлбахъуэ Аслъан

Гъубжокъуэ Батыррэ Мэлбахъуэ Аслъэнрэ ягу къагъэкІыж

Налшык дэт Спортым и уардэунэм итъэсу 8 - 15 зи ныбжь щІалэ щІыкІуэм бэнэкІэ хунтымкІэ я къалэ зэхьэзэхуэ щекІуэкІащ. Ар теухуат КЪБР-м и щыхьэрым 1998 гъэм къыщыхъуа насыпыншагъэм хэкІуэда бэнакІуэ ныбжьыщІэхэу Мэлбахъуэ Аслъэнрэ Гъубжокъуэ Батыррэ я фэеплъ нэхум. Зэпеуэм хэтащ спортсмен 60-м щІигъу. *(Сурэтхэр 8-нэ нап. итщ).* **Абыхэм я тренерхэщ Европэм и чемпион Ащиокъуэ Мухьэмэд, спортым и мастер Щомахуэ Арсен сыщ, нэгъуэщІхэри.**

Фэеплъ зэпеуэр зэрекІуэкІым кІэлъыплъащ щІалэ щІыкІуэм я адэ-анэхэр, Іыхьэныхэр, гъунэгъуэхэр, ныбжьыгъуэхэр, бэнэкІэ хунтым дихьэхэр.

ЯХЬЭЛЪАГЪ елъытагъ ялэ увыпІэхэр кьахьащ Гугъуэтыкъ Ахьмэд, Гъубжокъуэ СультІан,

Экономикэ | Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ | Жылагъуэ Іуэху

● Уплщэхэмрэ жэуапхэмрэ

Сыт пхъэнкІийр щІэдгъэсыр?

Мытищи къалэм дунейм екъыж, унафэщІыщхуэхэм, кхъэ абрагъуэ щыхуашу жаІэ. Ар пэж? Хэт сымэ абы щыщІальэхьнур?

Золотарев Вадим, *Мытищи.*

ІУЭХУР зытетыр мыращ. Кремлым и унафэкІэ фэеплъ к комплекс е хуэ Монументально-декоративнэ гъуэзджэмкІэ комбинатым. Кхъэр хьэзыр ящІын хуеящ Текіуэнигъэ Иныр илъэс 60 щрикъум ирихьэлІу. Ауэ щхьэусыгъуэ зыкъомым я эрранкІэ хуэунысыгъэр кІыхьлІыхь хъуащ. Іэщ1агъэлІхэм къыззэралытэмкІэ, комплексыр кІыхьэІуахыну къыщІэкІынщ 2010 гъэм.

Пцы хэмылту, кхъэр ину, зыхуэдэ щымыІэу щытыпхъщ. Ар гектар 52-рэ мэхьу. Эскизхэм зэрыщытлъагъуфІэ, щІыпІэ-щІыпІэкІэ щагъэувыныщ Урысейм и тхыдэм хыхьа щІыхьщхуэхэм я обелискхэр, статуехэр, дамыгъэ щхьэхуэхэр. Мы щІыпІэм къагъэІэпхъэуну хуагъэфащэ Ульяновр-Ленин и мавзолейр, Сталин, Хрущев, Брежнев, нэгъуэщІхэми я фэеплъ сынхэр.

ЖаІэу зэхъыхох дзэ къулыкъум зи дэкІыгъуэхэр военкоматхэм я Іизыныншэу дяпэкІэ зыщІыпІи ямыгъэкІуэну. Ар пэжу пІэрэ?

Савельев Андрей, *Ленинград область.*

КЪЭРАЛ Думэр хэпльаш икІи арэзы тельхъуащ «О воинской обязанности и военной службе» законопроектым. Мыхьэнэшхуэ зиІэ а дэфтэрым къыззригъэувымкІэ, военкоматхэм я нэІэ тетын хуейщ ныбжьыщІэхэм я псэуклэм, лэжьэкІэм, Іуэхущафэхэм. Зи ныбжьыр илъэс 18-27 хъуахэм (военнэ учетым щытхэми щымытхэми), махуэ 15-м къыщыщІэдзауэ мазищ хуэдизкІэ къэтыну я мураду, нэгъуэщІ щІыпІэ кІуэн хуейуэ къащІыхудэкІкІэ, я къалэнщ абыкІэ военкоматым хьыбар ирагъэщІэну, хуит зыкърагъэщІыну.

Ерыскъыу зыщащэ тыкуэным сыщІэту, сыжьхэхэуэри, шагъыр зэрыт птулькІэр тегъуэвапІэм кьезгъэхуэхащ, скъутащ. Абы и уасэр сыпшыныну кьыстехуэрэ? Кьыстемыхуэмэ, сыт хуэдэ хабзэ тегъэщІапІэ сщІынур?

Кругликов В., *Пятигорск.*

С ТАВРОПОЛЬ кьалэ администрацэм сатумкІэ и къудамэм и унафэщІ Ивановэ Верэ жеІэ:

- ЗэрымыщІагъэкІэ щІэщхъур къэхуамэ, птулькІэр кьыумыщэхуамэ, абы и уасэр тыкуэным и лэжьакІуэмептыну ухунэмысамэ, уцІэпшынэн щыІэкъым, къэхуугъэмкІэ жэуапткІуэр тыкуэнращи. Епль УФ-м и Граждан кодексым и 210-нэ статьым.

Ди къуажэ сымаджэщым санитаркэу щылажьэхэм я улахуэр хагъэхъуащ. Абыхэм сом мини 8 хуэдизэ хъаІэ. Ауэ нэгъуэщІкІэ, псальэм папщІэ, къудамэхэм я уэрэщІхэм жаІэ ахъшэр зэпхьыр сом минитху къудейщ. Сыт медицинэ лэжьакІуэхэм ящыщ щхьэ я улахуэр щыхамыгъэхьуар?

Малютинэ Тамарэ, *Тверь область.*

УпщІэм жэуап кьрет академик, Къэрал Думэм узышыгагъэр хьуямэныкІэ и Комитетым и унафэщІ Колесников Сергей:

- «УЗЫНШАГЪЭ» лъэпкъ проектым иткьым медицинэм и лэжьакІуэ псоми я улахуэхэр Іэтын хуейуэ. Абы гульытэ хэха зыхуэщІыпхъэу кьиныпытэр медицинэ лэжьакІуэхэм я пэщІэдзэ зеном щыщхэрщ – медсестрахэрщ, санитархэрщ, участковэ педиатрэхэмрэ тепеевтхэмрэщ. Ар, дауи, захуагъэм пэІэщІэщ. Щыуагъэр гъэзэкІуэжьын зэрыхуейм топсэлъыхь узэшнагъэр хъумэнымрэ социальнэ зыужьыныгъэмкІэ министерствэм и унафэщІэхэри. Ауэ зэкІэ абыхэм Іупщу яхуэубзыхуркъым кьагъэсэбэпыпхъэ Іэмалхэмрэ хэкІыпІэхэмрэ.

Куэд щІауэ щІэнысгъэлІхэм жаІэ Байкалым пэгъунэгъуэу щыт комбинатыр зыхуэдэ щымыІэ гуэл тельыджэм зэранкІыхуэ зэрыхуэхьур. Ауэ Іуэхур псалъэмакъым къыфІэкІыркъым. комбинатыр, нэ хьапэхэм х уэдэу, мэлажьэ. Сыт апх уэдэу щІыщытыр? Хэт Байкалыр зыхъумэнур?

Бестужев С., *Кострома.*

УФ-м и Прокурор нэхъыщІхьэ Чайкэ Юрий иджыблагъэ унафэ ящІащ комбинатым и лэжьыгъэр, абы Байкал гуэлым эзранкІэ ухуэнысгъэр кІыхьлІыхь хъуащ. Іэщ1агъэлІхэм къыззэрагъэлъагъэмкІэ, комплексыр кІэуэІуахыну къыщІэкІынщ 2010 гъэм.

Пцы хэмылту, кхъэр ину, зыхуэдэ щымыІэу щытыпхъщ. Ар гектар 52-рэ мэхьу. Эскизхэм зэрыщытлъагъуфІэ, щІыпІэ-щІыпІэкІэ щагъэувынущ Урысейм и тхыдэм хыхьа щІыхьщхуэхэм я обелискхэр, статуехэр, дамыгъэ щхьэхуэхэр. Мы щІыпІэм къагъэІэпхъэуну хуагъэфащэ Ульяновр-Ленин и мавзолейр, Сталин, Хрущев, Брежнев, нэгъуэщІхэми я фэеплъ сынхэр.

ЖаІэу зэхъыхох дзэ къулыкъум зи дэкІыгъуэхэр военкоматхэм я Іизынынщэу дяпэкІэ зыщІыпІи ямыгъэкІуэну. Ар пэжу пІэрэ?

Савельев Андрей, *Ленинград область.*

КЪЭРАЛ Думэр хэпльаш икІи арэзы тельхъуащ «О воинской обязанности и военной службе» законопроектым. Мыхьэнэшхуэ зиІэ а дэфтэрым къыззригъэувымкІэ, военкоматхэм я нэІэ тетын хуейщ ныбжьыщІэхэм я псэуклэм, лэжьэкІэм, Іуэхущафэхэм. Зи ныбжьыр илъэс 18-27 хъуахэм (военнэ учетым щытхэми щымытхэми), махуэ 15-м къыщыщІэдзауэ мазищ хуэдизкІэ къэтыну я мураду, нэгъуэщІ щІыпІэ кІуэн хуейуэ къащІыхудэкІкІэ, я къалэнщ абыкІэ военкоматым хьыбар ирагъэщІэну, хуит зыкърагъэщІыну.

Ерыскъыу зыщащэ тыкуэным сыщІэту, сыжьхэхэуэри, шагъыр зэрыт птулькІэр тегъуэвапІэм кьезгъэхуэхащ, скъутащ. Абы и уасэр сыпшыныну кьыстехуэрэ? Кьыстемыхуэмэ, сыт хуэдэ хабзэ тегъэщІапІэ сщІынур?

Кругликов В., *Пятигорск.*

С ТАВРОПОЛЬ кьалэ администрацэм сатумкІэ и къудамэм и унафэщІ Ивановэ Верэ жеІэ:

- ЗэрымыщІагъэкІэ щІэщхъур къэхуамэ, птулькІэр кьыумыщэхуамэ, абы и уасэр тыкуэным и лэжьакІуэмептыну ухунэмысамэ, уцІэпшынэн щыІэкъым, къэхуугъэмкІэ жэуапткІуэр тыкуэнращи. Епль УФ-м и Граждан кодексым и 210-нэ статьым.

Ди къуажэ сымаджэщым санитаркэу щылажьэхэм я улахуэр хагъэхъуащ. Абыхэм сом мини 8 хуэдизэ хъаІэ. Ауэ нэгъуэщІкІэ, псальэм папщІэ, къудамэхэм я уэрэщІхэм жаІэ ахъшэр зэпхьыр Мамай и Іуащхьэр фейдэхэхьпІэ пщІы мыхь уну.

Москва щаухуэну жаІэ пхъэнкІийкэр щагъэсыну заводышхуэу зыбжанэ. УанафэщІэм ди фІэщ ящІыну х этщ а заводхэм эзранигъэ гуэри кьытхуамыхьыну. Ар пэжмэ, сыт кьэрал зызыужьхэм а Іэмалыр щыкІуэтыр? Абыхэм, зэрыхабзэщи, я пхъэнкІийкэр ягъэсыркъым, зохадзурэ, щІэрыщІэу кьыщагъэсэбэпыпхъэ предприятэхэм ирагъашэ. Сыт ди дежи апхуэдэу щащІмэ щІэмыхьунур?

Андреев И., *Вологдэ.*

УРЫСЕЙМ экологие политикэмкІэ и Центрым и Советым хэт Яблоков Алексей зэрыжиІэмкІэ, Европэм и къэралхэми нэхъапэхэм, илъэс 30-40 хуэдизкІэ уэзІэбэжькІмэ, пхъэнкІийкэр куэду щагъэсыр т. Мыгувэу щІэныгъэ лкІэмрэ Іэщ1агъэлІхэмрэ кьагъэгуІуащ пхъэнкІийгъэс заводхэм зэхуэфэ Іей дыдэхэр кьыззрагъэхьыр. А заводхэр зэхуащІыжуи щІадзащ. Мы зэманым пхъэнкІийр щагъэсыжыркъым дунейм тет къэралхэм я нэхъыбапІэм.

Гу зылъытапхъэщ мыри. Европэм щыІэ заводхэм нэхъапэхэми ягъэсу щытар пхъэхэкІ, тхылымпІэ ахуэдэхэ т. Ди къэралым зэгъуэсу пэшхьэкуэхэм ягъакІуэ пхъэхэкІхэуи, тхылымпІэхэри, щхъухь куэд зыхэлъ батарейкэхэри, пластикІэ Іэмэпсымэхэри, унагъуэ техникэ зэмылІэужьыгъуэхэри.

«Аргументы и факты», «Труд-7», «Аргументы недели» газетхэм кьахэтхащ.

Мэлыжьыхь-бадзэуэгъуэ мазэхэм кьриубыдэу дзэ къулыкъум ираджэнущ зи ныбжьыр илъэс 18 хъуа щІалэхэу мини 133-рэ.

Абыхэм я кьалэнхэр ирахьэкІынущ илъэс закъэкІэ. УФ-м и Президент Путин В. гъатхэпэм и 29-м кьыдигъэкІа унафэ щыІэщ абы теухуауэ.

Геннатбым и унафэщІым и къуэдзэ Смирнов Василий жеІэ:

- ДЗЭМ КЪУЛЫКЪУ зэрыщащІэ пІаІэр гъэмэщІэным, мазэ 12-м нэдгъэсыным дз дыхуэзкІуащ мащІэ-мащІэурэ, тэмэму зыхуэдэ гъэхъэзырыр. Дзэм кьыхэкІыжьынхэр мы гъэм зэрыхъунур сэлэт псоми я Іыхьэ пІанэрщ. ЗэпэщІэхъуэу щытынущ илъэситкІэ кьулыкъу зыщІэкэмрэ мы гъэм дзДгъэкІэмрэ я казармэхэр, «дедовщинэ» жьыхаІэр я зэхуаку кьыдэмыхьэн хуэдэу.

Ауэ бжьыхьэм дзэ кьулыкъум дэтшынущ щІалэу мин 200 хуэдизэ. ДяпэкІэ нэхъ мащІэ тщІынущ кьулыкъу умышІэну хуит узыщІ щхьэусыгъуэкІэ. Псальэм папщІэ, дяпэкІэ кьулыкъу ящІэну кьаухуэсу сабий (зи ныбжьыр илъэсищ мыхьуа) зиІэхэм. Абы теухуауэ сэлэтхэм я унэгуащэхэм гуныкъуэгъуэ яІэн хуейкьым, мазэ кьэс сом минихкІэ кьэралыр кьахуэхуэпсэнущ.

Дзэ кьулыкъум щІалэхэр щІамыгъакІуэ щхьэусыгъуэхэм ящыщІ еджапІэхэм зэрыщІэтыісхьэр. Мы гъэм щыщІэдзауэ захъуэжь а Іуэхум пыщІа хабзэхэм. Зи ныбжьыр илъэс 18 хъуэнкІэ еджапІэ щэмыгтІысхьэфахэм дзэм кІуэн хуейуэ кьэхущыІтыр.

Генерал Смирнов щыгъуазэ дыззрищІамкІэ, документ нэпцІхэр кьхэзыгъэсэбэпыну, дзэ кьулыкъум зыщІедгъэсыхьэну хущІэкъуэхэри щыІэщ. Апхуэдэхэм я Іуэхум дяпэкІэ нэхъ тэмэму хэпльэнущ дзэм дзэзыгъэкІ юмиссэхэр, мысэ- хэм яхь жэуапыр ягъэтхІиныщ.

Дзэм ягъэкІуэнухэм повесткэхэр кьхуагъэхьынщ я унэми зыщщылажьэ щІыпІэми. Повесткэхэр щатхынур Военкоматхэрщ, зызыгъэпщІкІуэр къэзылтыхьэжьу дзэзыгъэкІ комиссэм Іэщ1эзытхъэнур МВД-хэрщ.

Дзэм зыкъомкІэ зэрыгъэхьэзырыжьу щІэзгъэвыхь Іуэ хуГъуэм ящыщщ щІалэ хэр я узышІагъэкІэ зэрымыдагъэуэнщэр, куэдым курыт щІэныгъэ зэрамыІэр, фадэр, афиняир нэрыгъ зыхуэжьуаэхэри мымащІэу зэрахэтыр.

Геннатбым къыззрыщытщІамкІэ, бжьыхьэ кІуам дзэ кьулыкъум дагъэкІа щІалэхэм я процент 40-р зыщІыпІи щеджакъым икІи щылэжьакъым. Абыхэм я процентитхэм щІигъур нэхъапэхэм тутнакъэщхэм щыІащ.

Гугъуехь Іэджэ пыщІащ щІалэхэр кьулыкъу щащІну щІыпІэм нэгъэсынкІэ, ДзэпэкІэ аехэр сэлэт фащэкІэ военкоматхэм щахуэпэнущ. Сэлэт пІлІыщ нэхъэ- мы нэхъ мащІэ гупым Іэмал имыІэу яхэтынущ медицинэм и лэжьакІуэ, зыгъэр кьызыщыщІым псынщІэу дэІэпыкъуфын хуэдэу. Дэтхэнэ зэщелонми хэтынущ вагонитхалІэ. ЖьыпІэнурагъэ, щІалэхэр ягъэмжэлІэнукъым.

Дяпэкі дзэ кьулыкъум ямыгъэкІуэну хуитыныгъэ яІэжьинукъым: зи щхьэгъусэхэр тхьэмахэу 26-м щІигъуэу уэндэгъуэхэм, щІалэхэр ягъэмжэлІэнукъым.

Дяпэкі дзэ кьулыкъум ямыгъэкІуэну хуитыныгъэ яІэжьинукъым: зи щхьэгъусэхэр тхьэмахэу 26-м щІигъуэу уэндэгъуэхэм, щІалэхэр ягъэмжэлІэнукъым.

- Илъэсым кьриубыдэу, уегугъэмэ, куэд дыдэ пхузэгъэщІнущ. Ар фІыуэ дызэгупсыса Іуэхущ. Военнэ частхэм щыдиІэщ куэт еджапІэр кьэзыухахэр зауэ Іуэхухэм щыхуагъэ хьэзыр. Зи Іэщ1агъэр дзэ кьулыкъуми фІыуэ ельытыгъэри гъунэжщ. Си гугъэщ ди деж сэлэт ныбжьыщІэхэр зыщІэуэпщІэ псоми жэуап тэмэмхэр щагъуэтыну.

Голубкинэ Ларисэ, *УФ-м и цІыхубэ артистка:*

- Фон бгъуэнэр, Іэпщ1рыбанэ зауэхэм ухэтыныр Іущыгъэщхуэ зыхуей Іуэ хуЪкъым. Абы и щапхэр щыдолъагъу ди жылагъуэхэм я уэрамхэми. Зи гугъу тщІын, куэдрэ нэхъ дызэІэлІэн хуейр щІалэгъуэлъэ и военнэ-патриот гъэсныгъэрщ. Ар зы илъэсым пхузэмыгъэ хъуІэн Іуэхушхэщ.

Яковлевэ Маринэ, *УФ-м щІыхь зиІэ и артистка:*

- Дзэ кьулыкъур илъэс закъуэм зэрыхуэгъэкІуар «экстрэм» жьыхуаІэ еджэныгъэм нэ хъ изогъэщхь. Щэч хэлъкъым апхуэдэ Іэмалым фІыгъуэ куэд кьызэрыпэмыкІуэнум. Нэхъ си жагъуэ хъуар кьулыкъу зымышІэну хуит зыхуІ щхьэусыгъуэ хэр зэрагъэмэщІарц. Дяпэкі Военкоматхэм щІыхь зэчинифІ Іэджэм я мурадхэр кьыззэпаудыну кьыщІэкІынущ.

Галкин Владислав, *артист:*

- Зы илъэсыр пІаІэ мащІэІуэщ, зауэ хуэІухуэщІэ хэр дахэ-дахэу бджьын папщІэ. ЩІэныгъэфІ зимыІэ сэлэтхэр зыхэт армэр зыхуэдэнур кьэщІэтъуенкъым. ГурыІуэгъуэкъым еджапІэ нэхъыщхьэхэм ящыщ куэдым дяпэкІэ военнэ кафедрэхэр щІыщымыІэжьынри. Зауэ Іэщ1агъэлІхэм я щхьэхуэр кьамыгъэпщІэжу пІэрэ?

Тхыгъэр зыгъэхьэзырар **МАМЕДОВЭ Маиет.**

«Труд» газет.

● Дзэ къулыкъур

Илъэсыр куэд хьэмэрэ мащІэ?

● Нахуэмрэ щэхумрэ

Къулыкъущ1эм и улахуэр

Урысейм къулыкъущІэу ущыщытынырщІыхьыщхуэщ. Къулыкъущ1эхэм (псом хуэмыдэу щІыпІэ пхыдзэхэм щыпсэуэхэм) я улахуэр щІэх-щІэхыурэ хагъахъуэ. «Іулъхь къыІамыхьщхьэкІэ жаІэурэ... Ауэ гъащІэм сыт щыгъасыр? Іаужри Іызыихэри нэхъ мащІэ хъуркъым.

ГЪЭ КІУАМди къэралым и къулыкъущІэхэм я улахуэм процент 37-кІэ (!) хэхъащ. Къэбгъэлъагъуэмэ, Москва щыІэ къулыкъузэхьэхэм, ику иту кьаІущтэмэ, сом мин 28-рэ къаХь, Хъанты-Мансийск щыпсэуэхэм - сом мин 60 хуэдизэ...

Іулъхь Іызыхэхэм ятелъхьапхъэ тезыркэм теуха законопроектыр Къэрал Думэм щыпхъикІыркъым илъэс зыбжанэ хуауэ.

Москва щІыналъэхэр (регионхэр) хуит ещІ къулыкъущІэхэм я хэхъуэр сыт и лъэныкъуэкІи къаІэтыну, ахъшэхэр я щІыпІэм кьыщІагъгъуэжьыфмэ. Ар кьагъэсэбэпурэ, унафэщІхэм Іэмалыщ1э Іэджэ кьагупсыс, я жьпхэр «ягъэуэбзн» щхьэкІэ.

Уи фІэщ пхуымыщІыным хуэдизщ экономикэ и лъэныкъуэкІэ «кІуэцІрыхуа» щІыпІэхэм я къулыкъущІэхэм я улахуэхэм я инагьыр.

Вологодскэ областым и губернатор Позгалев и жэрдэмкІэ, щІыпІэ депутатхэм я мазэ улахуэкэр яІэтащ сом мин пщІейм нэсыхукІэ. Абы и «хьэлэлагьыр» модрейхэми гулъытэнщэу кьагъэнакъым: Позгалевым и улахуэр сом минищэ ящІащ. Гу зылъытапхъэщ мы областым нэгъуэщІхэм я улахуэхэр зэрыщымащІэр. Кьэбгъэлъагъуэмэ, школым и егъэджакІуэхэм мазэм кьахьыр сом 1472-ш, пхъэнкІа кІуэхэм - сом 800 кьудейщ.

Мыпхуэдэ бжьыгъэхэри къэтхьынщ.

Улахуэшхуэ кьахь министрхэм. Зы илъэсым (нэгъабэ) егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ министр Фурсенкэ Андрей кьыхэхъуащ сом мелуанищ, юстицэмкІэ министр Устинов Владимир - сом мелуаниихьм нэблагъэ, транспортымкІэ министр Левитин Игорь - сом мелуан 13, информацэ технологиемрэ связымкІэ министр Рейман Леонид - сом мелуаныи 112-рэ, щІыуэпс кьулеигъэхэмкІэ министр Трутнев Юрий - сом мелуани 133-рэ.

Зэманыщ1эм и нэщэнэ мыхъумыщІэхэм ящыщщ кьулыкъузехьэхэм я бжьыгъэр зэпымыуэу зэрыхэхъуэри. Яныныкъуэ федеральнэ Іуэхущ1апІэхэм щылажьэхэр иужьрей илъэсхэм хуэдизкІэ 150-кІэ, 200-кІэ нэхъыбэ хъуащ (псальэм папщІэ, кьэралым и санитар дохутыр нэхъыщхьэ Онищенкэ егъэзбыдыІа цІыхухэр зэрыхъуу щытар 116-рэщ, мы зэманым абыхэм я бжьыгъэ нэсащ 20 500-м.

Іэщ1агъэлІ куэдым кьалъытэ апхуэдэ щытыкІэр кьэралым дяпэкІэ хуэмыІэтыжьын хьэпсэу, Іуэхур имыгъэзэкІуэжмэ, Президент Медведевми гугъуехь Іэджэ кьыхуэхъуІэкІыну.

БУТУЗОВЭ Людмилэ.

● Индие



Пхъэщхьэмышхэ лІэужьыгъуэ псоми я «пащтыхьу» кьалъытэ «мангэ» жьхуаІэр, илъэс мин Іэджэ хьуаУ Индием и щІыналъэ щхьэхуэхэм кьыщагъэхьар, нужьрей эманым Азием и кьэралыгъуэ зыбжанэм щыхэпІыкІар. Мангэр Іэфіц, гурыхьэ, мэ жэ зиІэ щхьанагъуэ тельыджэщ. Ар кьызыпыкІэ жьгыщхуэхэм метр 35-40 я льагагьщ. Абыхэм яхэтщ киллограммибгъу-пщІы зэрыхуэ ашьк цІыкІухэу 350-400 кьызыпаххэри.

«Эхо планеты» журналым кьытхьмжащ.

НапэкІуэцІыр зыгъэхьэзырар ТХЬЭМОКЪУЭ Барэсбийщ.

● Уэзыщымыгъуазэ умыІуатэ

Темрыкъуэ ипхъу Марие къулъшырыфым ягъэкІуакъым

«Маяк» радиоканалыр нэхъапэхэм куэдкІэ щапхъэфІт: и хьыбарыщІэхэр купщІафІэт, уэрэду дызригъэдалуэр фІы дыдэхэм ящыщт, дикторхэмрэ нэтынхэр езыгъэкІуэкІхэмрэ щэныфІэу, жьакІуэу. Іэз дахэкІэ кьыдэпсальэт.

Нобэ, кьыпхуэмыцІыхуэжьынымхуэдизу, радиоканалым и лэжьэкІэм зихъуэжащ. Нэтынхэр тІурытІу, щІалэрэ хъыджэбзэ зэгъуэсу, ирагъэкІуэкІ. Эдолажьэ, псальэм папщІэ, Глуховский Дмитрийрэ Гордон Катярэ. Фадеев Петррэ Толстая Феклэрэ, нэгъуэщІхэри. Ахэр зыщотхъуж, «мышууэ» мэгушІэ, хьэлымшэу мэдыхьэшх. Зыпепсэльыхьэри мыхьэнэншэщ.

ЗЭРЫЗЭПСАЛЪЭ щІыкІэм ущедгъэкІэ, шэч уощІ абыхэм я анэдэлъхубзэр дахэ-дахэу я мышІэу, фІыуэ зыщІымыгъуазэхэр яІуатэу. Псальэм папщІэ, радиожурналист Стиллавин Сергей иджыблагъэ пианист щэджащэ Рихтер Святослав щхьэкІэ жиІащ ар «кнопкэхэм я къэпщІтакІуэу». Гурыуэгъуэкъым гушыІарэ «клавишхэр» псальэм и пІэкІэ «кнопкэхэр» кьыжьэдэхуарэ. УкъэзыгъэуІэбжь куэд кьыжьэдокІ а щІалэм. Спортыр фІыуэ зэримылъагъур ибзыщІыркъым, спорт хъыбархэр кьэзытхэр (комментаторхэр) имычэзуэ зэпеуд, хопсэльныхь, губзыгъэгъ гуэрхэр жиІэ и гугъу ирелъхьэри», зи гугъу ищІыр езы дыдэми кьыгурымы- Іуэжу щызэфІэзэрыхькІэ, ину икІи гурымыхьу мэдыхьэшх.

Апхуэдэ журналистхэр тепщэ щыхьуэ каналыр, зытІэкІэкІэ нэхъ мыхъуми щІэщІыгъуэ ящІыну я мураду, унафэщІхэм зззэмызэ иджыблагъэ пианист щэджащэ Рихтер Святослав щхьэкІэ жиІащ ар «кнопкэхэм я къэпщІтакІуэу». Гурыуэгъуэкъым гушыІарэ «клавишхэр» псальэм и пІэкІэ «кнопкэхэр» кьыжьэдэхуарэ. УкъэзыгъэуІэбжь куэд кьыжьэдокІ а щІалэм. Спортыр фІыуэ зэримылъагъур ибзыщІыркъым, спорт хъыбархэр кьэзытхэр (комментаторхэр) имычэзуэ зэпеуд, хопсэльныхь, губзыгъэгъ гуэрхэр жиІэ и гугъу ирелъхьэри», зи гугъу ищІыр езы дыдэми кьыгурымы- Іуэжу щызэфІэзэрыхькІэ, ину икІи гурымыхьу мэдыхьэшх.

Апхуэдэ журналистхэр тепщэ щыхьуэ каналыр, зытІэкІэкІэ нэхъ мыхъуми щІэщІыгъуэ ящІыну я мураду, унафэщІхэм ззззмызэ кьрагъэблагъэ Іэщ1агъэлІ, щІэныгъэлІ зэмылІэужьыгъуэхэр. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, абыхэми кьахокІ ищІ зыупсхэр, зи чэнджэщхэр мытэмэмхэр, радиом едалуэхэр зыгуэзыгъэпхэр.

Куэд щІакъым «Тхыдэм и дерсхэр» нэтыным щыщ Іыхьэ зэрызэхэсхрэ. Глуховский Дмитрийрэ Гордон Катяра я хьэщІэт иужьрей зэманым тхыдэтхэу зыкьыІэщцыкІуэжа Сванидзе Николай. Псальэмакъыр зытеуІуэрэ Іуэхум Ірозный Иван и хьэмэтетыгъуэ зэманыр, а пщы ябгэм хэлъа хьэл-щэнхэрт. Сванидзе къыззриІуатэмкІэ, а лъэхъэнэм хабзэншагъэу, щІэпхъаджагъэу яІэжьым нэзи лъащІи иІэтэкъым. ЦІыхухэр утыкухэм щаубгэржьырт, щыфІагъэжьырт, шыуанымрарц. Етіуанэрауэ, Бжьэрдей-Шэрджэс Республикэр дзнэ кьыздрихар «тхыдэтхым»?

Адэкіэ Гордон Катя щІоупщІэ Марие и Іуэхухэр кьыззэрекІуэкІам. Сванидзе и напщІэр мыхуадэу, сыт хуэдэ Іуэхуми фІыуэ зэрыщыгъуазэр и макъым кьыхэщІу, жеІэ: «Кьулъшырыфым ягъэкІуащ, щІагъэлІыхьащ».

Ари пцІыщ! Зы тхыдэтхми быдэу жиІэфынукъым Марие и ажалыр кьызыхэкІар. Езы Грозным хуигъэфащэрт ар и жагъуэгъу боярхэм щхъухкІэ ягъэлІащ. Марие щыпсэуакъым кьулъшырыфым. Сыт апхуэдэ кьызбарыщІкІэр урысейпсо радиокІэ щІэбгъэІунур? Хэт апхуэдэ «дерсхэм» хуейр?

Си гур щІоуз «Маяк»-м. Радиоканал хъарзынэу щытащ ар нэхъапэхэм. НэгъуэщІхэм фІыкІэ кьахэщІырт. ЗэрыжаІащи, езым и напэ иІэжт.

Нобэ абы и лэжьыгъэм зэщыщІугфІыкІыпхъэ гуэри хэльыжькъым. Уемыдаіуэмэ, уи зэманыр пщІэнэзу умыгъэкІуэдмэ, зэчи хэарщ. Етіуанэрауэ, Бжьэрдей-Шэрджэс Республикэр дзнэ кьыздрихар «тхыдэтхым»?

Адэкіэ Гордон Катя щІоупщІэ Марие и Іуэхухэр кьызэрекІуэкІам. Сванидзе и напщІэр мыхуадэу, сыт хуэдэ Іуэхуми фІыуэ зэрыщыгъуазэр и макъым кьыхэщІу, жеІэ: «Кьулъшырыфым ягъэкІуащ, щІагъэлІыхьащ».

Ари пцІыщ! Зы тхыдэтхми быдэу жиІэфынукъым Марие и ажалыр кьызыхэкІар. Езы Грозным хуигъэфащэрт ар и жагъуэгъу боярхэм щхъухкІэ ягъэлІащ. Марие щыпсэуакъым кьулъшырыфым. Сыт апхуэдэ кьызбарыщІкІэр урысейпсо радиокІэ щІэбгъэІунур? Хэт апхуэдэ «дерсхэм» хуейр?

Си гур щІоуз «Маяк»-м. Радиоканал хъарзынэу щытащ ар нэхъапэхэм. НэгъуэщІхэм фІыкІэ кьахэщІырт. ЗэрыжаІащи, езым и напэ иІэжт.

Нобэ абы и лэжьыгъэм зэщыщІугфІыкІыпхъэ гуэри хэльыжькъым. Уемыдаіуэмэ, уи зэманыр пщІэнэзу умыгъэкІуэдмэ, зэчи хэ-

● Кіэщі дыдэу

Ипщэ щІынальэм щыхъыбархэр

ИНГУШМІ и хьуащ ТУ-154 кхъ ухьльатэ, «Магъас» и цІэу. Ар УФ-м и Правительствэм и тыгъэщ, Ингушым и президент Зязиков Мурат и льэІум кьыпэкІуауэ. Кхъухьльатэр дяпэкІэ махуэ кьэс Москва кІуэурэ Магъас къэкІуэжынущ.

РОСТОВ областым ис къэзакъэр ерыскъыкІэ (хьэжыгъэ, лыжэкІ консерв, крупа хуэдэхэмкІэ) Сербием доІэпыкъу. Псапащэ Іуэхум жыджэру хэтщ къэзакъ жылагъуэр.

«УРЫСЕЙ гъущІ гъуэгуэхэр» компаниемрэ и мурадщ дыдэрэт ильэсым кьриубыдэу Шэшэн Республикэм щыІэ гъущІ гъуэгуэхэр зэфІэгъэувэжыным сом мелуан 528 тригъэкІуэдзну. 2004-2007 гъэхэм мы компанием а Іуэхум хилъаащ сом меларди 3,5-рэ.

МЭЛЫЖЬЫХЬМ и 8-м Адыгеим щыхагъэхъуащ транспортым (автобусхэмрэ маршрут таксихэмрэ) и Іуэхутхэбэзэм щІат пщІэр. Мейкьуапэ кьалэ администрацэм и лэжьакІуэ Коновалов В. Б. зэрыжиІамкІэ, автобускІэ кьэзыкІухьэжьэм дяпэкІэ ятын хуейщ сомих (яту щытар сомитхуэ), «маршруткэхэм» итІысыхьэхэм - сомибгъу (сомихьи и пІэкІэ).

«КУБАНЬМРЭ» «Мэшыкъуэмрэ» топ щызэдэджэгуэн (Пятигорск и стадионым) зэрыхьэзрий кьэхъуащ, хьэщІэхэмрэ хэгъэрейхэмрэ зэкъыкъуэкъуу, зэзэу зэщІадзэри, тІысыпІэу щитІ зэхъакъутащ, нэгъуэщІ хабзэншагъэхэри ялэжьащ. КьаиГэшхуэр зэхэзышахэр хабзэхъуэмэхэм яубыдащ.

«Северный Кавказ» газе т.

«Маяк» радиоканалыр нэхъапэхэм куэдкІэ щапхъэфІт: и хьыбарыщІэхэр купщІафІэт, уэрэду дызригъэдалуэр фІы дыдэхэм ящыщт, дикторхэмрэ нэтынхэр езыгъэкІуэкІхэмрэ щэныфІэу, жьакІуэу. Іэз дахэкІэ кьыдэпсальэт.